

Ibikwiye kumenywa ku  
vyerekeye ubugizi bwa  
nabi bufatiye ku gitsina

## Guide d'information sur les violences sexuelles

Les agressions sexuelles  
**EXISTENT**  
*Demandez de l'aide*

Ubugizi bwa nabi  
bufatiye ku gitsina  
**BURIHO**  
*Sabe imfashanyo*

## Avant-propos

Ces guide vous est spécialement destiné si vous été victimes d'agression sexuelles.

Cet outil d'information vous sera utile, ainsi qu'à vos proches, que l'agression sexuelle soit récente ou date des plusieurs années.

Ce guide traite principalement :

- Des définitions de l'agression sexuelle et des diverses formes qu'elles peuvent prendre ;
- Des statistiques sur les victimes et sur les agresseurs sexuelles ;
- Du rôle des proches ;
- Des conséquences possibles suite à une agression sexuelle ;
- Des l'aide médicosociale et psychologique qui est offerte aux victimes d'agression sexuelle.

Ce guide a été réalisé par l'ONG Comitato Collaborazione Medica (CCM) en collaboration avec l'Association Initiative Seruka pour les Victimes de Viol (ISV) dans le cadre du « **Projet pilote de décentralisation des ser-**

## Intangamarara

Ako gatabo karabagenewe nimba mwoba mwarashurashuzwe ku nguvu

Ako gatabo kazobafasha kandi no mu babegereye, yaba gushurashuzwa ku nguvu ari vya vuba canke bimaze imyaka myinshi.

Ako gatabo gashimikiye ahani:

- Ku nsiguro z'ugushurashuzwa ku nguvu hamwe n'izindi ntumbero ubwo bugizi bwa nabi bushobora gufata.
- Ibiharuro bijanye n'abafashwe ku nguvu hamwe n'abakoze ubwo bugizi bwa nabi
- Uruhara rw'ababagerereye
- Ingaruka mbi zubwo bugizi bwa nabi
- Imfashanyo canke ukwitwararika uwo yagiriwe ayo mabi mu kumuvuza canke mu kumuremesha

Ako gatabo kateguwe n'ishirahamwe Comitato Collaborazione Medica (CCM) rifadikaniye n'ishiramwe Seruka ryitaho abashurashuzwe ku nguvu (ISV) « **Mu mugambi wo kwegereza ibikogwa vyogufasha abashurashuzwe ku guvu mu**

**vices de prise en charge des violences sexuelles dans 3 provinces du Burundi » (DCI-SANTE/2011/275-783).**

Ce document a été réalisé avec l'aide financière de l'Union Européenne. Le contenu de ce document relève de la seule responsabilité de l'ONG CCM et ne peut en aucun cas être considéré comme reflétant la position de l'union européenne.

Les services de santé (hôpitaux, CDS, districts sanitaire, etc.), les services sociaux publics et privé et les associations nationales et internationales intéressés à mettre à disposition de leur publique des exemplaires de cette brochure peuvent le solliciter auprès du CCM – Service administratif, avenue de la Plage N° 6111, Bujumbura - Burundi.



**ntara zitatu z'igihugu » (DCI-SANTE/2011/275-783).**

Ako gatabo kateguwe mu fashanyo yatanzwe n'ishirahamwe ry'ubumwe bwa Buruya. Ibiri muri ako gatabo vyateguwe n'ishirahamwe CCM ntibishibora kwitirigwa mu gihe na kimwe iryo shirahamwe ry'ubumwe bwa buruya.

Abakora ibikorwa vy'amagara y'abantu (ibitaro, amavuriro matomato, ibiro vy'ubuvuzi mu ntara ...) ibikorwa vyo mu gihugu vyaba vya leta canke vy'abigenga ,amashirahamwe y'igihugu canke amashirahamwe mpuzamakungu, yoba yipfuza kuronsa izo nyigisho abo bakorana, murashobora kubariza ku biro vya CCM mu gisata c'ubuyobozi, ibarabara ryo kuri Tanganyika/plage N°6111, Bujumbura Burundi.

## *Qu'est-ce qu'une agression sexuelle ?*

Que vous soyez une victime, un proche d'une victime ou une personne-ressource, il est essentiel de bien connaître la problématique des agressions sexuelles et d'en parler. Pour vous aider, voici de l'information importante.

Tout d'abord une définition :

« Une agression sexuelle est un geste à caractère sexuel, avec ou sans contact physique, commis par un individu sans le consentement de la personne visée ou, dans certains cas, notamment dans celui des enfants, par une manipulation affective ou par du chantage. Il s'agit d'un acte visant à assujettir une autre personne à ses propres désirs par un abus de pouvoir, par l'utilisation de la force ou de la contrainte, ou sous la menace implicite ou explicite. Une agression sexuelle porte atteinte aux droits fondamentaux, notamment à l'intégrité physique et psychologique et à la sécurité de la personne. »

## *Mbega ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ni iki ?*

Waba uwagiriwe nabi, waba incuti y'uwagiriwe nabi canke umuntu afise ico abiziko birakenewe cane ko womenya ingorane yitwa ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina kandi ukayiserura. Kugira tugufashe, ng'ibi ibihambaye ukwiye kumenyeshwa.

Ubwa mbere, ng'iyi indangurakintu.

« Ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ni ico umuntu akora cerekeye igitsina, kigakorwa uwo gikorwako atabanje kuvyemera canke, mu bihe bimwe bimwe cane cane mu vyerekeye abana, ubanje kumuryosha-ryosha ngo uramukunda canke ukamutera ubwoba ko uzomumenera ibanga . Ni igikorwa umuntu akora afise intumbero yo gukoresha uwundi muntu ngo yinezereze yitwaje ububasha afise, akoresheje inguvu canke akagobero, canke abanje kumutera ubwoba mu buryo bweruye canke bwihishije. Ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina burahungabanya uburenganzira buza imbere y'ubundi, nk'amagara y'umubiri n'ay'umutima eka mbere n'umutekano w'umuntu. »

*Cette définition s'applique peu importe :*

- l'âge, le sexe, la culture, l'origine, l'état civil, la religion et l'orientation sexuelle de la victime ou de l'agresseur sexuel;
- le type de geste à caractère sexuel posé;
- le lieu ou le milieu de vie dans lequel le geste à caractère sexuel a été fait;
- les liens qui existent entre la victime et l'agresseur sexuel.

*On parle également d'agression sexuelle lorsqu'on utilise d'autres expressions comme :*

- abus sexuel, infraction sexuelle, contact sexuel sans consentement, inceste, prostitution et pornographie juvénile, viol.

*Iyo ndangurakintu iguma yemewe kandi ntihindurwa n'ikintu na kimwe muri ibi :*

- imyaka y'amavuka, igitsina, imico kama, amamuko, ibigero vy'umuntu, idini canke ivyo uwo yagiriwe nabi canke uwo mugizi wa nabi akunda mu bijanye n'ibitsina ;
- ubwoko bw'icakozwe cerekeye igitsina ;
- ikibanza canke ikibano ubugizi bwa nabi bwakorewemwo ;
- ubucuti buri hagati y'uwagiriwe nabi n'uwakoze ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina.

*Ubugizi bwa nabi Bufatiye ku gitsina buvugwa kandi mu gihe bakoresheje ayandi majambo nka :*

- ukwonona gufatiye ku gitsina, icaha gifatiye ku gitsina, uguhuza ibitsina ku gahato, kugoka ku kizira, ukudandaza umubiri canke ukwigisha abakiri bato ivyerekeye ibitsina ukoreshaje amajambo n'amasanamu y'ubushurashuzi, ugushurashuza ku nguvu.



**L'agression sexuelle est un acte criminel parce que la victime n'est pas consentante ou n'a pas l'âge requis pour consentir. Dans presque tous les cas, l'agression sexuelle a des conséquences néfastes pour la victime.**

### **C'est inacceptable et criminel !**

L'agression sexuelle est inacceptable, peu importe la forme, le geste, la situation, les liens entre les personnes et les circonstances.

Tous les gestes ou formes d'agression sexuelle sont criminels.

### **Les principales formes d'agression sexuelle**

Une agression sexuelle peut prendre plusieurs formes. Différents gestes peuvent être posés, et le degré de violence utilisée peut aussi varier.

**Ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ni icaha gikomeye kubera uwugikorerwa ataba yavyemeye canke ntagire imyaka isabwa yo gushobora kuvyemera. Hafi imisi yose, ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina bwama bugira ingaruka mbi ku wabukorewe.**

### **Si ikintu co kwihanganira namba kandi n'ubugizi bwa nabi bukomeye !**

Ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ni ikintu atari ico kwihanganira nagato utaravye ukwo bwakozwe, icakozwe ico ari co, ingene vyagenze, ubucuti buri hagati y'abantu canke uburyo vyabayemwo.

Ibikorwa vyose canke ubwoko bwose bw'ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina n'ubugizi bwa nabi bukomeye.

### **Uburyo bukuru bukuru ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina bugaragaramwo**

Ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina bugaragara mu buryo bw'ibintu.

Hashobora gukorwa ibintu bitandukanye, kandi n'urugero rw'ikoreshwa ry'igikenye rushobora kutaba rumwe.

## BAISERS

à caractère sexuel

## ATTOUACHEMENTS

seins, cuisses, fesses, pénis,  
vulve, anus

## MASTURBATION

de la personne par l'agresseur  
ou de l'agresseur par la per-  
sonne

CONTACT ORAL-  
GÉNITAL

Fellation : intromission du  
pénis de l'agresseur dans la  
bouche de la victime ou du  
pénis de la victime dans la  
bouche de l'agresseur

Cunnilingus : contact buccal  
des organes génitaux d'une  
fille ou d'une femme

## PÉNÉTRATION

Pénétration vaginale ou anale  
par le pénis,  
Pénétration de l'anus ou du  
vagin avec les doigts ou avec  
des objets

## UGUSOMA

gufatwa nk'ugufatiye ku gi-  
tsina

## UGUKORAKORA GUFATIYE KU GITSINA

ku mabere, ku matako, ku bi-  
susu, ku nzanyi, kw'iyinjiriro  
ry'igisabo, ku kibuno

## UGUKORAKORA IBIHIMBA VY'IRONDOKA

kugizwe n'umugizi wa nabi  
ku wo agirira nabi canke kugi-  
zwe n'uwugirirwa nabi kuri  
uwo amugirira nabi.

## UKWINJIZA MU KANWA BIHIMBA VY'IRONDOKA

Gushira inzanyi mu kanwa: ni  
ukwinjiza inzanyi y'umugizi  
wa nabi mu kanwa k'uwu-  
girirwa nabi canke inzanyi  
y'uwugirirwa nabi mu kanwa  
k'uwo amugirira nabi.

Ugukoza akanwa ku bihimba  
vy'irondoka :

Ni ugukoza ibihimba  
vy'akanwa ku bihimba  
vy'irondoka vy'umukobwa  
canke umugore

## UKWINJIZA IKINTU MU MUNTU

Hari ukwinjiza inzanyi mu  
gisabo canke mu kibuno  
Hari n'ukwinjiza intoke canke  
ibikoresho mu kibuno canke  
mu gisabo



**EXHIBITIONNISME**

Comportement d'une personne qui montre ses parties génitales en public

**FROTTEURISME**

Comportement d'un individu qui recherche le contact physique avec des personnes non consentantes, dans des endroits publics (par exemple, tenter de frotter ses organes sexuels sur des inconnus dans l'autobus)

**VOYEURISME**

endurance ou comportement « voyeuriste », c'est-à-dire basé sur l'attirance à observer l'intimité ou la nudité d'une personne ou d'un groupe de personnes

**STATISTIQUES REVELATRICES**

Au Burundi, il n'est pas aisé d'apprécier l'ampleur du phénomène des violences faites aux femmes, en l'absence d'un service de documentation des cas, mais les quelques chiffres disponibles sont préoccupants. En 2011 entre le centre Seruka/ ISV à Bujumbura et les hôpitaux provinciaux de Muramvya et Cibitoke ont été enregistré 1322 cas.

Ces statistiques ne représentent que les cas signalés. De

**UKWEREKANA IBIHIMBA VY'IRONDOKA IMBERE Y'ABANTU**

Ni inyifato y'umuntu yerekana ibihimba vy'irondoka vyiwe imbere y'abantu

**KWITSITA KU BANTU**

Ni nyifato y'umuntu arondera gukoza umubiri wiwe ku mubiri w'abantu batabisha (nk'akarorero, kugerageza gutsita ibihimba vy'irondoka vyiwe ku bantu atazi bari mu muduga utwara abantu)

**UGUKUNDA KURABA UBWAMBURE BW'ABANTU**

Ni inyifato y'umuntu aryohesha no kuraba umuntu canke umugwi w'abantu bambaye ubusa

**ICO IBIHARURO VYEREKANA**

Mu Burundi, ntivyoroshe kumenya neza urugero rw'amabi akorerwa abagore, mu gihe arwego rujejwe gutohoza no guharura ivyo bintu, ariko ibiharuro bihari birateye ubwo-ba. Mu 2011, ikigo SERUKA/ ISV c'i Bujumbura n'ibitaro vyo mu ntara za Muramvya na Cibitoke vyaraharuye amabi nk'ayo batora abakubaguwe bangana 1322.

vyo biharuro vyerekeye gusa amabi yashizwe ahabona.



nombreuses victimes restent dans l'ombre pour diverses raisons, essentiellement pour la peur des représailles et de la stigmatisation de la communauté. Par ailleurs, elles ne concernent que les violences sexuelles, d'autres formes de violence aussi nombreuses que variées ne sont pas signalées, notamment parce que ces dernières n'ont pas le bénéfice de soins gratuits (OMCT 2008).

**Aller chercher de l'aide le plus rapidement possible permet de diminuer les conséquences et de vous sentir moins seule**

<b>98 %</b>	des victimes étaient de sexe féminin
<b>58 %</b>	jeunes filles de moins de 18 ans
<b>40%</b>	femmes adultes
<b>2%</b>	jeunes garçons de moins de 18 ans
<b>58%</b>	des victimes avaient moins de 18 ans
<b>19%</b>	5 ans ou moins
<b>28%</b>	6 à 12 ans

Abantu benshi bakorerwa amabi nk'ayo ntibashaka kumenyekana ku mpamvu zitandukanye, canecane kubera gutinya kugirirwa nabi n'ababakoreye ayo mabi hamwe no gutinya gutungwa urutoko n'ababanyi. Ikindi naco ni uko ivyo biharuro vyerekeye ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina gusa, ariko nti bivuga ivyerekeye ubundi bugizi bwa nabi bwinshi kandi butandukanye, kubera abagiriwe mwene ubwo bugizi bwa nabi bundi butavuzwa ku buntu (OMCT 2008)

**Gutabaza hakiri kare bituma ingaruka mbi zigabanuka, bigatuma kandi uwagiriwe nabi yiyumvamwo kutaba wenyene**

<b>98 %</b>	mu bagiriwe nabi bari igitsina gore
<b>58 %</b>	bari abakobwa badashikana imyaka 18
<b>40%</b>	bari abagore bakuze
<b>2%</b>	bari abahungu badashikana imyaka 18
<b>58%</b>	Mu bagiriwe nabi nti bashikana imyaka 18
<b>19%</b>	bari bafise imyaka 5 canke ntibayishikane
<b>28%</b>	bari bafise imyaka iri hagati ya 6 na 12



Près de 6 victimes sur dix (56 %) ont été agressées dans une résidence privée.  
7 victimes sur 10 (68 %) connaissaient l'agresseur.

Les auteurs présumés d'infractions sexuelles étaient principalement de sexe masculin (98 %).

Hafi ya batandatu kuri cumi (56 %) bakorewe ubugizi bwa nabi ku muhana.

Mu bakorewe ubugizi bwa nabi, 7 kuri 10 (68 %) bari bazi uwabikoze.

Benshi mu bikekwako ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina bari igitsina gabo (98 %)

**L'agresseur sexuel peut être un conjoint, un ami, une connaissance, un professionnel, un collègue de travail, un employeur, un camarade d'études, un voisin, un membre de la famille, un client, un patient, un inconnu.**

**Uwukora ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ashobora kuba uwo mwubakanye, umugenzi, uwo muzinanyi, uwabigize umwuga, umukoresha, uwo mwigana, umubanyi, incuti, umuguzi, uwaje kwivuzza, hamwe n'uwutazwi.**

*Une réalité difficile, qu'il faut dénoncer*

Certaines études indiquent que le portrait serait plus sombre encore. Ainsi, elles soutiennent que les agressions sexuelles sont les infractions contre la personne les moins signalées

*Ni ikintu kibabaje, gikwiye kwiyamirizwa*

Ivyigwa bimwe bimwe vye-rekana ko ibintu vyifashe kurusha uko bavyibaza. Biremeza ko ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ari vyo vyaha bikorerwa umuntu bimenye-

aux autorités policières. Pourquoi ? En raison de la honte ou de **la peur** ressentie par les victimes ainsi que des tabous, des mythes ou **des préjugés** à l'endroit de ces crimes qui nuisent à la dénonciation.

### *Qui sont les victimes d'agression sexuelle?*

À la lueur des statistiques de 2011, on peut affirmer que :

- Les victimes sont majoritairement des femmes et des enfants.
- Plus de huit sur dix (81 %) connaissaient l'agresseur.
- Près de trois victimes sur dix (29 %) ont été blessées physiquement.

**Peu importe les circonstances d'une agression sexuelle, la victime n'est pas responsable!**

shwa gake cane inyamirama-bi. Kubera iki ? Kubera isoni **n'ubwoba** ababikorewe bagira, kubera ari ibintu bifatwa nk'ibizira kuvugwa, kubera kandi **ivyiyumviro bitari vyo** abantu bafise ku vyaha mwene ivyo, ivyo vyose bigatuma badashobora kuvyiyamiriza.

### *Mbega ni bande bakorerwa ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ?*

Twisunze ibiharuro vyo mu 2011, turashobora kwemeza ibi bikurikira :

- Abakorerwa ubwo bugizi bwa nabi ni canecane abagore n'abana.
- Abarenga 8 kuri 10 (81 %) bari bazi uwakoze ubwo bugizi bwa nabi.
- Hafi ya batatu kuri 10 mu bagiriwe nabi (29 %) barakomerekejwe ku mubiri.

**Ukwo vyogenda kwose ngo habe ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina, uwagiriwe nabi ntafatwa nk'uwubifisemwo uruhara!**

La réalité, c'est que ça peut arriver à n'importe qui : enfant, adolescent, adolescente ou personne adulte quel que soit son âge. Mais la victime n'est jamais responsable... peu importe comment elle est habillée, peu importe son état ou son comportement.

*En quoi se distingue l'agresseur sexuel?*

### MONSIEUR TOUT-LE-MONDE

L'agresseur est généralement une personne saine d'esprit qui connaît la victime et qui profite de sa relation de confiance ou de sa position d'autorité avec elle pour l'agresser sexuellement. Ce peut être un parent, un entraîneur sportif, un professeur, un employeur, un collègue, un conjoint, un membre de la famille, un ami, un professionnel consulté ou une simple connaissance. En tenant compte des 1 285 agressions sexuelles répertoriées au Burundi en 2011, voici ce qu'on peut dire de l'agresseur :

Ico twomenya ni uko biashobora gushikira uwo ari we wese : umwana, umuyabaga yaba umuhungu canke umukobwa, canke umuntu akuze afise imyaka iyo ari yo yose. Ariko nta na rimwe uwagiriwe nabi yofatwa nk'uwubifisemwo uruhara, ingene yambaye canke ameze canke yifata nta-co bihindura.

*Ni igiki kiranga uwukora ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ?*

### UWO ARI WE WESE

Umugizi wa nabi kenshi aba ari umuntu muzima azi uwo ashaka kugirira nabi agafatira ku kwizerana bafitaniye canke ku bubasha amufiseko kugira amukorere inabi ifatiye ku gitsina. Ashobora kuba umuvyeyi, umumenyereza mu kw'inonora imitsi, umwigisha, umukoresha, uwo bakorana, uwo bubakanye, umuntu wo mu muryango, umugenzi, uwahamagawe kubera imirimo y'ubuhinga akora, canke umuntu bazinanyi. Dufatiye ku bugizi bwa nabi 1 285 bufatiye ku gitsina bwamenyekaneye mu Burundi mu 2011, duashobora kuvuga ibi bikurikira ku wukora ubwo buguzi bwa nabi :

- Dans plus de huit cas sur dix, l'agresseur est une personne connue de la victime;
- Dans 98 % des cas, c'est une personne de sexe masculin;
- Dans 56 % des cas, l'agresseur commet son crime dans une résidence privée (généralement la sienne ou celle de la victime).

Rappelons que l'agresseur est l'unique responsable de l'agression sexuelle.

### *Comment faire sa part pour contrer les agressions sexuelles?*

Les mots d'ordre : vigilance, information et sensibilisation. Pour contrer les agressions sexuelles, il faut favoriser une meilleure connaissance de celles-ci tant auprès des jeunes que des adultes. Il faut aussi travailler à l'atteinte de l'égalité entre les hommes et les femmes, les garçons et les filles dans la société. Soyons vigilants, rappelons-nous que :

- Chez les jeunes filles, les agressions sexuelles sont plus souvent commises à l'intérieur du milieu familial par un oncle, un cousin, un frère, un ami, le père, le

- Ubugizi bwa nabi 8 kuri 10 bukorwa n'umuntu **asanzwe azwi** n'uwubukorerwa;
- Mu bugizi bwa nabi **98 %**, uwo mugizi wa nabi ni umuntu w'igitsina gabo;
- Mu bugizi bwa nabi **56 %**, umugizi wa nabi akorera ico caha gikomeye ku muhana (kenshi iwe canke aho uwagiriwe nabi aba).

Twibutse ko uwo mugizi wa nabi ari we wenyene afise uruhara muri ubwo bugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina.

### *Umuntu yokora iki ngo agwanye ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina ?*

Ivyogirwa ingendo: kuba maso, kumenyesha no guhimiriza.

Kugira ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina bugwanywe, hakwiye gukorwa ibituma bumenyekana kurusha uko vyahora mu bato no mu bakuze. Hakwiye kandi gukorwa ivyotuma haba ugufatwa kumwe hagati y'abagabo n'abagore, no hagati y'abahungu n'abakobwa mu kibano. Tube maso, Twibuke ko :

- Ku bakobwa, kenshi ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina bukunda bubera mu muryango bugakorwa

conjoint de la mère, etc.

- De façon générale, les agresseurs sont presque exclusivement de sexe masculin et principalement des adultes, sains d'esprit, tels un conjoint, un ami, une connaissance, un professionnel consulté, un collègue de travail, un employeur, un camarade d'études, un voisin ou un membre de la famille.
- Certains groupes de femmes sont plus à risque aux agressions sexuelles notamment les jeunes femmes, les prostituées et les femmes et filles qui vivent dans la rue, tandis que d'autres groupes sont plus vulnérables comme les personnes handicapées



### *Le rôle des proches*

À la suite d'une agression sexuelle, les victimes peuvent avoir différentes réactions. Ces réactions peuvent être influencées par divers facteurs : leur

na sewabo, muvyarawe, musazawe, umugenzi, se wiwe, umugabo wa nyina, n'abandi.

- Muri rusangi, abakora ubwo bugizi bwa nabi bama hafi bose ari ab'igitsina gabo kandi ahanini bakaba ari abantu bakuze kandi bakomeye, nk'uwo bubakanye, umugenzi, uwo bazinanyi, uwatumweko kubera imirimo y'ubuhinga, uwo bakorana, umukoresha, uwo bigana, umubanyi canke umuntu wo mu muryango.
- Imigwi imwimwe y'abagore iri mu bashobora gushikirwa n'ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina gusumvyabandi. Ni nk'abagore bakiri bato, abakora umwuga wo kudandaza imibiri hamwe n'abagore n'abakobwa baba mw'ibarabara. Iyindi migwi nayo iri mu bo bigora cane ko bigwanira: abo nabo ni nk'abantu bamugaye.

### *Uruhara rw'abantu begereye abagiriwe nabi.*

Igihe habaye ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina, ababukorewe bashobora kuvyifatamwo mu buryo butandukanye. Ukwo kuntu bavyifatamwo

âge, leur personnalité, la forme d'agression sexuelle subie, leur lien avec l'agresseur, le degré de violence utilisée et la fréquence des agressions. Dans les premiers jours, les réactions d'une victime en état de choc peuvent être les suivantes :

**Colère et agressivité  
Souvent manifestées  
envers l'entourage pour  
des choses banales**

**Peurs intenses  
Etat de déprime, dé-  
pression, tristesse  
Sautes d'humeur fré-  
quentes**

**Troubles du sommeil  
Troubles de l'alimenta-  
tion**

**Diminution du seuil  
de tolérance dans des  
situations perçues  
comme une menace à sa  
sécurité**

**Désorganisation, anxié-  
té  
Isolement**

guterwa n'ibintu bitanduka-  
nye: imyaka y'amavuka, ukwo  
basanzwe bameze, ubwoko  
bw'ubugizi bwa nabi bufatiye  
ku gitsina baba bakorewe, ubu-  
cuti buri hagati yabo n'ababa-  
koreye ubwo bugizi bwa nabi,  
urugero rw'igikenye cakoresh-  
ejwe n'igitigiri cw'ubwo bu-  
gizi bwa nabi.

Mu misi ya mbere, ukugene  
uwagiriwe nabi agihahamutse  
avyifatamwo ni uku gukuri-  
kira :

**Ishavu n'ugutongana  
umuntu agirira abo babana  
mu tuntu ataco tuvuze**

**Ubwoba bwinshi**

**Intuntu, akabonge,  
umubabaro**

**Ihindagurika ry'ingene  
umuntu yumva amerewe**

**Kugira ingorane z'itiro**

**Kutagira akayabagu  
gakwiye**

**Ukugabanuka kw'urugero  
rw'ivyo ashobora  
kurinda mu vyo afata  
nk'ibigeramira umutekano  
wiwe**

**Kutamenya gutunganya  
ivyiwe, ubwoba  
bw'ibizoshika muri kazoza**

**Gushaka kuguma ari  
wenyene**



Le soutien des membres de la famille, des proches, des amis et des intervenants joue un rôle important dans le processus de guérison d'une victime d'agression sexuelle.

Voici les comportements souhaitables à adopter auprès d'une personne qui a été victime d'agression sexuelle.

### **Écouter**

Écoutez ce que la victime a à dire sans porter de jugement. Laissez-la s'exprimer dans ses mots, à sa façon, à son rythme.

### **Croire**

Croyez ce que la victime vous dit. C'est son vécu et sa perception. Vous devez vous centrer sur ce qu'elle dit et vit.

### **Recevoir**

Recevez ce que la victime dit sans minimiser ni amplifier les faits, les émotions, les conséquences.

Ugushigikirwa n'umuryango, n'ababanyi, n'abagenzi hamwe n'abandi bafise ico boterera bifise uruhara rukomeye mu gikorwa co gukiza uwakorewe ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina.

Ng'izi inyifato zibereye imbere y'umuntu yakorewe ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina:

### **Kumwumviriza**

Umuntu yokwumviriza ivyo uwakorewe ubwo bugizi bwa nabi avuga kandi ntabire urubanza. Mureke avuge akoresheje amajambo ashaka, avuge nk'uko abishaka kandi akoresheje ingero mugere yishakiye.

### **Kwizera**

Izere ivyo akubwira. Ni ivyo aba yaracyemwo, kandi ni uko abifata. Ukwiye rero gufata nka nkama ivyo avuga n'ibimushikira.

### **Kwakira ivyo avuga**

Akira ivyo uwagiriwe nabi avuga ntubifate nk'ibintu bito canke ugagamishe ivyabaye, ibigumbagumba n'ingaruka zavyo.

## *Encourager ses forces*

Soulignez ses forces, son courage d'en parler.

### *La déculpabiliser*

Faites comprendre à la victime que ce n'est nullement sa faute si elle a subi une agression sexuelle.

L'agresseur est entièrement responsable de ses actes. Prendre soin d'elle doit être sa priorité.

### *Favoriser son autonomie*

Aidez la victime à reprendre du pouvoir sur sa vie, tout en étant présent. Donnez-lui de l'espace pour respirer, pour reprendre son niveau de fonctionnement habituel.

### *Valider ses émotions*

Aidez la victime à exprimer ce qu'elle ressent en normalisant ses réactions, émotions et sentiments (colère, rancœur, culpabilité, baisse de l'estime de soi). Rassurez-la, toute personne a droit au respect de son intégrité, et l'agression sexuelle

## *Kumutahuza inkomezi ziwe*

Womwereka neza inkomezi afise, zigizwe n'ugushaka kuvuga ivyamushikiye.

### *Kumwereka ko ata caha*

Tahuza uwakorewe icaha ko ata ruhara yagize mu bugizi bwa nabi yakorewe bufatiye ku gitsina.

Uwakoze ubwo bugizi bwa nabi ni we wenyene afise uruhara rwose mu vyo yakoze. Igihambaye akwiye gukora ni ukwitwararika ineza yiwe.

### *Kumushoboza kwigenga*

Fasha uwakorewe ubugizi bwa nabi ngo yongere kwitunganiriza ubuzima ariko kandi umugume hafi. Muhe akarere gakwiye kugira ashobore kwisanzura bitume ashobora kumera nk'uko yahora.

### *Kumufasha kugira ibigumbagumba bitarenze urugero*

Fasha uwakorewe ubugizi bwa nabi kuvuga ivyo yiyumvamwo ku buryo atarenza urugero mu kugene yakira ivyamushikiye, mu bigumbagumba vyawe (ishavu, akazikirira, kwishirako amakosha, kwikengera). Muhumurize, kuko

est inacceptable et criminelle.



### *Aider et accompagner*

Montrez-vous disponible, que ce soit pour en parler ou pour accompagner la victime. Il est important de lui dire qu'il existe aussi des ressources d'aide. Dirigez-la vers ces ressources ou faites-vous aider par ces dernières.

### **Il faut en parler!**

Parler de votre agression sexuelle n'est pas toujours une décision facile. Mais l'agression sexuelle est un crime qui se produit et risque de se reproduire, en partie, en raison de la loi du silence. En allant chercher de l'aide le plus rapidement possible, les conséquences de votre agression seront diminuées, et vous ne serez plus seule ou seul avec ce fardeau.

**LES CONSÉQUENCES  
D'UNE AGRESSION  
SEXUELLE:**

**IL FAUT VITE  
REAGIR!**

umuntu wese afise uburenganzira bwo kwubahirizwa, ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina nabwo ni icaha kibi cane kitari ico kwihanganira.

### *Kumufasha no kumuguma hafi*

Mwereke ko ufise umwanya wo kuvugana nawe ivyashitse canke wo kuguma hafi yiwe. Birakenewe cane ko umubwira ko hari uburyo n'abantu benshi bomufasha. Mujane kuri abo bantu canke ubasabe nawe babigufashemwo.

### **Kubivuga birakenewe !**

Kuvuga ko wakorewe ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina si ingingo yoroshe gufata. Ariko ubugizi bwa nabi nk'ubwo ni icaha kibi gikorwa kandi gishobora kubandanya, bitewe ahanini n'uko guhora. Urondeye imfashanyo mu maguru masha, ingaruka z'uko kugirirwa nabi zizoba nke, kandi uwo mutwaro ntuzoheza ngo uwikorere wenyene.

**INGARUKA Z'UBUGIZI  
BWA NABI BUFATIYE KU  
GITSINA ZIRIHO:**

**MUKWIYE KUGIRA  
ICO MUKOZE MU  
MAGURU MASHA!**

De façon générale, les victimes peuvent vivre...

des problèmes **physiques** tels : maux de tête, fatigue, troubles du sommeil, cauchemars, infections transmissibles sexuellement, grossesse non désirée, blessures, douleurs;

des problèmes **psychologiques** tels : tristesse, dépression, culpabilité, sentiment de colère et de rage, peur, faible estime de soi, honte, découragement, idées suicidaires, automutilation;

des troubles de l'alimentation tels : anorexie, boulimie;

des problèmes de **dépendance** : à l'alcool, aux drogues, au jeu, aux médicaments;

des difficultés **relationnelles** avec : la famille, les amis, les collègues, le conjoint ou la conjointe;

des frustrations ou de **l'anxiété** causées par : les procédures judiciaires, les témoignages à la cour;

des problèmes **économiques**, sociaux ou familiaux tels : perte de revenus, difficultés au travail, rejet par les amis.

Ces diverses manifestations peuvent survenir sur une plus ou moins longue période de temps débutant immédiatement après l'agression sexuelle ou plusieurs années plus tard. Le fait de recevoir de l'aide le plus rapidement possible per-

Muri rusangi, abakorewe ubugizi bwa nabi bashobora kugira ingorane **mu magara** yabo : kubabara mu mutwe, kwumva uburuhe, kubura itiro, kurota nabi, ingwara ziciye mu bihimba vy'irondeka, ugusama inda utipfuje, ugukomeka, ububabare ;

ingorane **z'imbere mu mutima** : intuntu, akabonge, ukwiya-giriza icaha, ishavu no gu-shangashirwa, ubwoba, ukwi-kengera, isoni, ukwihebura, ugushaka kwiyahura, kwikebagura ;

ingorane mu gufungura: ukubura akayabagu; kuguma u-shaka kurya ;

ingorane zo **kuba umuja** w'ibintu bimwe bimwe nk'ibiboreza, ibiyayuramutwe, inkino, imiti;

ingorane mu **migenderanire ufitanije n'abandi** : umuryango, abagenzi, abo mukorana, uwo mwubakanye ;

Kudatekana mu mutima canke kugira **ubwoba**, bitewe n'ibijanye n'imanza, ivy'amasura muri sentare

ingorane **z'ubutunzi**, z'imibano n'izo mu muryango: gutakaza ivy'ahora bigutunze, ingorane mu kazi, kutemerwa n'abagenzi.

Izo ngorane zitandukanye zishobora kuza zirashika mu gihe gishobora kuba kigufi canke kirekire, zikibonekeza

met de diminuer les conséquences et de briser l'isolement.



### **Aide, information et référence**

Quels que soient votre âge, votre condition, votre sexe, que vous soyez une victime d'agression sexuelle, un proche ou une personne-ressource, vous pouvez obtenir de l'aide en tout temps. Plusieurs professionnels des réseaux publics et privés sont spécialement formés pour vous donner du soutien.

### **CENTRE HUMARA de Gitega**

Pris en charge Médical, Psychosociale et Juridique.  
Accessible 24h/24h, 7 jours par semaine. Centre géré par le Ministère de la solidarité Nationale des Droits de la Personne Humaine et du Genre  
Quartier Musinzira, B.P 98 Gitega; Tel : 22 40 47 80

ku musi ubugizi bwa nabi bufatiye gu gitsina bubereyeko canke haheze imyaka myinshi. Ukuronka uwugufasha mu maguru masha gutuma ingaruka mbi ziba nkeyi, bigakuraho n'ukwumva ko uri wenyene.

### **Ivyerekeye imfashanyo, gutanga inkuru n'aho umuntu yobariza**

Utaravye imyaka y'amavuka woba ufise, uko woba wifashe canke igitsina, waba uwakorewe ubugizi bwa nabi bufatiye ku gitsina, incuti yiwe canke umuntu ari n'ico ashobora gufasha, urashobora kuronka imfashanyo igihe cose. Hari ababijejwe benshi bari mu nani z'amashirahamwe ya Reta canke y'abigenga, ico bigiye kukaba ari ukugufasha.

### **IKIGO HUMURA i Gitega**

Gifasha uwakorewe amabi afatiye ku gitsina. Mu kumuvuza, kumuremesha no mu vyo gukwirikirana imanza. Ushobora kugishikira amasaha 24 kuri 24, Imisi indwi ku ndwi. Cegukira Ubushikiran-ganji bw' Ugufatana mu nda Agateka ka zina Muntu n'Inte-rambere Ridakumira  
Karitiye Musinzira, B.P 98 Gitega; Tel : 22 40 47 80

## INITIATIVE SERUKA POUR LES VICTIMES DE VIOL.

Prise en charge médical, psychosociale et juridique. Accessible 24 heures par jour, sept jours par semaine, Quartier Kigobe Nord Bujumbura. Tel. : 22 24 87 30

## Points Focaux Police des Mineurs et Protection des Moeurs

Niveau Communal et Provincial.

## CENTRE DE DEVELOPPEMENT FAMILIALE (CDF)

Assistance psychosociale, médicale, juridique et réinsertion socio-économique.

**CDF Muramvya :**  
Tél. :22 26 32 03 / 79 94 80 12.  
Bâtiment du bureau provincial

**CDF Cibitoke :**  
Tél.: 77 61 40 00. Tout près du bureau provincial.

**CDF Bujumbura mairie :**  
Tél. : 78 82 70 57. Immeuble TWIN HOUSE.

## IKIGO SERUKA GIFASHA ABASHURASHUJWE KU NGUVU.

Gifasha uwakorewe ayo mabi mu kumuvuza, mu kumuremesha no mu vyo gukwirikirana imanza. Ushobora kugishikira amasaha 24 ku musu, imisi indwi ku ndwi, kiri muri karitiye Kigobe yo mu Buraruko, i Bujumbura. Tel. : 22 24 87 30

## Inzego z'inyamiramabi ziseruka ku muntu akigirirwa nabi

Kuri commune no kuntara

## IKIGO KIJEJWE ITERAMBERE RY'IMIRYANGO (CDF)

Gifasha uwagiriwe nabi mu kumuremesha, mu kumuvuza, mu vy'ubutungane no mu vyo kumusanasanira imibano n'ubutunzi.

**CDF y'i Muramvya :**  
Tél. :22 26 32 03 / 79 94 80 12.  
Mu nyubakwa z'ibiro vy'intara

**CDF yo mu Cibitoke :**  
Tél.: 77 61 40 00. Hafi y'ibiro vy'intara.

**CDF yo mu Gisagara ca Bujumbura :** Tél. : 78 82 70 57.  
Mu nyabakwa yitwa TWIN HOUSE.

### Hôpitaux provinciaux

Hôpital provincial de Muramvya : prise en charge médicale. Tél. : 22 26 32 96

Hôpital provincial de Cibitoke : prise en charge médicale. Tél. : 22 26 23 55

**CENTRES DE SANTE** : première soins et référencement vers hôpital provincial ;

### Ibitaro vy'intara

Ibitaro vy'intara ya Muramvya : bifasha mu kuvura uwagiriwe nabi. Tél. : 22 26 32 96

**Ibitaro vy'intara ya Cibitoke** : bifasha mu kuvura uwagiriwe nabi. Tél. : 22 26 23 55

**AMAVURIRO** : Ni yo atangura kuvura umuntu ivy'intango imbere yo kumurungika mu bitaro vy'intara.



